

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN  
ETAZINI

Mèkredi 29 Janvye 2014 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl la ak lèt enprime sou liy ki pi wo yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

- 1 Devlopman yon kilti pwodiksyon agrikòl Amerendyen Pre-Kolonbyen yo te ede asire
  - (1) sekirite nan tribi toupre yo
  - (2) kreyasyon yon mòdvi nomad
  - (3) kontinyasyon lachas ak rekòlt danre
  - (4) yon rezèv manje ki pi estab
- 2 Pandan peryòd kolonyal la, devlopman ekonomik Sid te depanndan dirèkteman sou travay
  - (1) travayè faktori yo
  - (2) kiltivatè ble
  - (3) imigran ilandè yo
  - (4) Afriken esklav yo
- 3 Rezilta Lagè Fransè ak Endyen (1754–1763) te lakòz mouvman pou endepandans nan trèz (13) koloni yo paske Britanik yo
  - (1) te pèdi kontwòl Kanada ak Florida
  - (2) te kòmanse enpoze nouvo taks sou kolon yo
  - (3) te retire menas panyòl nan koloni yo
  - (4) te louvri zòn lwès Montay Apalach yo kolon kolonyal yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4.

... Nou konsidere verite sa yo kòm verite ki sèten, tout gason kreye egale, se Kreyatè a ki bay yo avèk sèten Dwa ki envyolab, pami verite sa yo se Lavi, Libète ak rechèch Kè Kontan.— Pou jwenn dwa sa yo, Gouvènman yo kreye pami Gason yo, ki jwenn pouvwa yo nan konsantman moun y ap gouvène yo, — Kèlkeswa lè nenpòt Fòm Gouvènman an vin ap detwi mwayen sa yo, se dwa Pèp la pou chanje oswa pou aboli li, epi pou mete nouvo Gouvènman anplas,...

— Thomas Jefferson

- 4 Objektif deklarasyon sa a se te pou
  - (1) ankouraje sipò pou Plan Inyon Albany
  - (2) bay jistifikasyon pou deklarasyon endepandans
  - (3) kritike Atik Konfederasyon an
  - (4) rekòmande obeyisans pou Grannbretay

- 5 Ki prensip gouvènman yo jwenn nan Atik Konfederasyon an ak nan Konstitisyon Etazini?
  - (1) Yo dwe garanti dwa pou vote pou tout Ameriken yo.
  - (2) Se pèp la ki ta dwe eli jij Tribinal Siprèm yo.
  - (3) Pouvwa pou gouvène ta dwe separe ant diferan nivo gouvènman an.
  - (4) Eta yo gen dwa pou sòti nan Inyon an.
- 6 Nan Konvansyon Konstitisyonèl ane 1787, Gran Konpwomi ak Konpwomi Twa-senkyèm te konsène kesyon sou fason
  - (1) yo ta kreye nouvo eta yo
  - (2) eta yo ta reprezante nan gouvènman nasyonal la
  - (3) yo ta kontwole fòs lame yo
  - (4) yo ta òganize eleksyon pou prezidan yo
- 7 Anpil Anti-Federalis te kont ratifikasyon Konstitisyon an jouk lè yo te jwenn garanti pou
  - (1) pi bon pwoteksyon libète endividyèl yo
  - (2) plis otorite prezidan an pou fè lagè
  - (3) kontwòl pi sevè sou depans leta
  - (4) ogmantasyon pouvwa lapolis
- 8 Ki premye etap pou fè pou mete yon amannman nan Konstitisyon Etazini?
  - (1) apwobasyon prezidan an
  - (2) revizyon Tribinal Siprèm
  - (3) vòt pèp la nan yon referandòm nasyonal
  - (4) adopsyon nan toulède chanm Kongrè avèk yon majorite detyè

- 9 Yon patikularite ki komen nan politik etranje Prezidan George Washington, John Adams, ak Thomas Jefferson, sèke yo chak te vle pou
- (1) sipòte Lafrans nan konfli li avèk Grannbretay
  - (2) jwenn nouvo teritwa alwès Rivyè Mississippi
  - (3) kenbe netralite pandan konfli ewopeyen yo
  - (4) chèche alyans militè avèk peyi toupre yo
- 10 Revizyon jidisyè pèmèt Tribinal Siprèm nan pou
- (1) detèmine si lwa federal yo konstitisyonèl
  - (2) apwouve nominasyon kabinè prezidan an
  - (3) sipèvizite finansman tribinal federal nivo enferyè yo
  - (4) retire ofisyèl eli yo nan fonksyon yo
- 11 Ki dokiman yo te pibliye sitou pou anpeche nasyon ewopeyen yo kolonize lòt peyi nan Amerik Latin?
- (1) Trete Jay (1795)
  - (2) Lwa sou Etranje ak Sedisyon (1798)
  - (3) Lwa sou Anbago (1807)
  - (4) Doktrin Monroe (1823)
- 12 Yon rezon prensipal pou vizit ane 1854 Commodore Matthew Perry nan peyi Japon se te pou
- (1) anpeche dominasyon japonè nan rejyon pasifik la
  - (2) louvri relasyon komès Etazini avèk Japon
  - (3) ankouraje imigrasyon moun ki te sòti nan peyi Japon
  - (4) kreye yon baz naval nan peyi Japon
- 13 • Piblikasyon *The Liberator*  
 • Lwa Kansas-Nebraska  
 • Desizyon *Dred Scott*
- Tout evènman ki endike anwo a te kontribiye nan
- (1) deklanchman Gè Sivil
  - (2) fòmasyon politik Destine Manifès
  - (3) adopsyon Konpwomi Missouri
  - (4) aneksyon Texas

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15.

... Nan men *ou*, konpatriyòt mwen yo ki pa satisfè a, epi men pa nan men *mwen*, se pwoblèm ki pi enpòtan pou gè sivil la. Gouvènman an p ap atake *ou*. Ou pa kapab gen konfli san se pa oumenm ki agresè yo. *Ou* pa deklarasyon sou sèman ki anrejistre nan Syèl la pou detwi gouvènman an, menmsi *mwen* dwe gen youn ki pi serye pou “konsève, pwoteje ak defann li.” ...

— President Abraham Lincoln, First Inaugural Address, March 4, 1861

- 14 Prezidan Lincoln te fè deklarasyon sa a nan yon efò pou
- (1) ankouraje Kongrè a pou depanse lajan pou achte libète esklav yo
  - (2) konvenk Sidis yo ki pa t reprezante menas pou mòdvi yo
  - (3) ofri pou mete pozisyon li an danje konsènan ogmantasyon esklavaj
  - (4) fè Ameriken yo kwè lagè ant Nò ak Sid te inevitab
- 15 Lè Prezidan Lincoln te fè diskou sa a, ki etap ki te deja fèt pou gè sivil la?
- (1) Yo te pibliye Pwoklamasyon Emansipasyon.
  - (2) Twoup Inyon yo te anvayi plizyè eta Sid.
  - (3) Jeneral Robert E. Lee te alatèt yon atak sou Gettysburg, Pennsylvania.
  - (4) Plizyè eta Sid te sòti nan Inyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 16.

Tout moun ki fèt oswa ki natirize nan Etazini, epi ki anba jiridiksyon peyi a, se sitwayen Etazini ak Eta kote y ap viv la. Okenn Eta pa dwe ni fè ni ranfòse nenpòt lwa ki dwe diminye privilèj oswa iminite sitwayen Etazini; ni okenn Eta pa dwe retire lavi, libète, pwopriyete nenpòt moun, san pwosedi jis lalwa; ni okenn Eta pa dwe bay nenpòt moun refi pou pwoteksyon egalego lalwa nan jiridiksyon li.

— 14yèm amannman, Seksyon 1, Konstitisyon Etazini

16 Yo te adopte amannman sa a nan ane 1868 sitou pou

- (1) pwoteje dwa ansyen esklav yo
- (2) fè li pi fasil pou imigran yo vin sitwayen
- (3) bay dwa vòt pou kolon yo nan Gran Plèn yo
- (4) egziye gouvènman federal la pou peye frè Rekonstwiksyon an

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17.



Sous: Library of Congress (adapte)

17 Kisa ki te pase akòz òf tankou sa ki endike nan afiche ane 1872 sa a?

- (1) Yo te fòse plis Amerendyen ki nan Gran Plèn yo ale nan rezèv yo.
- (2) Gouvènman an te kòmanse mete restriksyon sou kantite ak tè moun yo te kapab achte.
- (3) Eta Gwo Plenn yo te vin nouvo sant pou manifakti.
- (4) Missouri ak Nebraska te vin nouvo teritwa.

18 Pandan fen ane 1800 yo, prensip Dawinis Sosyal ak ekonomi lesefè te pi asosye sitou avèk enterè

- (1) kiltivatè yo
- (2) travayè min chabon yo
- (3) òganizatè sendika travayè yo
- (4) pwopriyetè gwo biznis yo

19 Kongrè a te adopte Lwa sou Komès Entè-Eta (1887) ak Lwa Antitwòs Sherman (1890) pou bay repons pou

- (1) enfliyans etranje sou ekonomi Etazini
- (2) demann piblik pou gen pi bon wout
- (3) pratik monopòl ki te nuizib pou ti biznis yo
- (4) refi federal yo pou prete moun yo lajan

20 Nan ane 1890 yo, apèl pou limite imigrasyon se te sitou rezilta

- (1) reyaksyon nativis yo kont Ewopeyen sid ak Ewopeyen lès yo
- (2) yon dezi pou reyalize pliralis kiltirèl
- (3) enfliyans endistriyèl yo
- (4) adopsyon yon amannman konstitisyonèl

21 Booker T. Washington ak W. E. B. Du Bois te dakò pou Ameriken Nwa yo ta dwe

- (1) itilize edikasyon pou vin gen opòtinite
- (2) sipòte yon mouvman “Back to Africa” (Retounen nan Afrik)
- (3) patisipe nan bòykòt pou mete yon pwen final nan segregasyon an
- (4) adopte yon apwòch ofi-amezi pou vin gen dwa pou vote

Sèvi ak gran tit ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 ak 23.

ESPEYAL KI ASE BON		YON JOURNAL AMERIKEN POU PEP AMERIKEN NEW YORK JOURNAL	BEZBÒL
NO. 5,629 N. M.		NEW YORK, JEDI, 12 ME 1898	PRYON SANTIM
<b>BATO PANYÒL</b> SOU <b>LAKÒT OU!</b>		<b>MOURI NAN</b> ZÒN ANSYEN <b>LAGLWA!</b>	
<b>Bato Lagè Misterye</b> <b>Bato k ap Vini yo</b> <b>Remake yo Se Ka</b> <b>Bato Kòsè yo.</b>		<b>PREMYE MOUN KI MOURI NAN LAGÈ</b> ANSEY WORTH BAGLEY. PETWOLFE J. VARVARESE. PONPYE J. DENEESE. KUIZINYE E. B. TUNNELL. PONPYE G. B. MEEK. Moun ki Blesè Lyettan J. B. Bernadou. William Patterson. Daniel McKeown.	<b>Machias ak</b> <b>Wilmington pral</b> <b>Fè Vanjans sou</b> <b>Bagley ak Gason Li yo.</b>

Sous: *New York Evening Journal*, May 12, 1898 (adapte)

22 Yo te pi byen konprann gran tit ane 1898 sa yo kòm yon egzanp

- |                            |                           |
|----------------------------|---------------------------|
| (1) piblisite politik      | (3) sondaj opinyon piblik |
| (2) jounalis sansasyonalis | (4) politik izolasyonis   |

23 Objektif gran tit sa yo se te pou devlope sipò piblik pou

- |                                 |   |
|---------------------------------|---|
| (1) efò pou defann Kanal Panama | (3) yon pwen final nan politik enperyalis |
| (2) aneksyon Kiba               | (4) lagè kont Lespay                      |

24 Yo te itilize tèm *jounalis endepandan* pandan Epòk Pwogresif la pou dekri

- (1) travayè ki pa t satisfè yo epi ki t ap fè grèv
- (2) Nòdis yo ki te ale nan Sid apre Gè Sivil la
- (3) mennen ankèt sou jounalis ki te ekspoze pwoblèm sosyete a
- (4) fanm ki te sipòte mouvman Pwoyibisyon an

25 Kreyasyon politik Pòt-Louvri (1899–1900) ak repons pou Revòlt Boksè (1900) te montre Etazini te vle

- (1) metrize ekspansyon ris la
- (2) vin gen aksè nan mache chinwa yo
- (3) bati izin nan Ekstrèm Oryan
- (4) limite imigrasyon azyatik la nan Etazini

- 26 Ki deklarasyon ki pi byen rezime pwendvi Prezidan Theodore Roosevelt konsènan resous natirèl yo?
- (1) Li pi bon pou kite desizyon konsènan konsèvasyon pou eta yo.
  - (2) Yo kapab fè sosyete yo konfyans pou itilize resous natirèl yo yon fason ki rezonab.
  - (3) Gouvènman federal la dwe pwoteje tè nasyon an kont eksplwatasyon.
  - (4) Mache lib ta dwe fikse valè resous natirèl nasyon an.
- 27 Refòmatè epòk Pwogresif yo t ap eseye redui diferans nan richès ant moun rich yo ak moun pòv yo lè yo
- (1) te kreye Sistèm Rezèv Federal la
  - (2) te bay elektè yo pouvwa referandòm ak rapèl
  - (3) te mete anplas yon taks sou revni ofi-amezi
  - (4) te kreye Komisyon Komès Federal
- 28 Pandan Premye Gè Mondyal la, anpil Ameriken Nwa ki t ap viv nan Sid te ale nan vil nò yo sitou paske
- (1) plis travayè te nesesè nan endistri a
  - (2) yo te elimine prejije nan Nò a
  - (3) pwogram aksyon afimatif te bay pi bon opòtinite fòmasyon
  - (4) koudlavi nan vil yo te pi ba
- 29 Ki evènman ane 1920 yo ki pi byen montre konfli nan sosyete ameriken an ant syans ak relijyon?
- (1) adopsyon lwa sou kota yo
  - (2) pwosè Scopes
  - (3) pwosè Sacco ak Vanzetti
  - (4) Menas Wouj
- 30 Renesans Harlem ane 1920 yo te ogmante enfliyans Ameriken Nwa yo lè li te
- (1) finanse konstwiksyon apatman nan Vil New York
  - (2) vin gen adopsyon lwa sou dwa sivil yo
  - (3) ede eli Ameriken Nwa nan gwo fonksyon politik yo
  - (4) ankouraje kontribisyon atistik Ameriken Nwa yo
- 31 Kisa ki te yon kòz kache Lagrann Depresyon?
- (1) distribisyon inegal revni pandan tout ane 1920 yo
  - (2) adopsyon barèm fiskal federal sou revni pandan ane 1920 yo
  - (3) refi kiltivatè ameriken yo pou pwodui ase manje apre Premye Gè Mondyal la
  - (4) ogmantasyon rapid nan depans federal pou defans apre Premye Gè Mondyal la
- 32 Ki zòn jewografik ki te pi afekte gravman nan Bòl Pousyè ane 1930 yo?
- (1) Plèn Kotyè Atlantik
  - (2) Vale Rivyè Ohio
  - (3) Gwo Plenn
  - (4) Lakòt Pasifik
- 33 Nan ane 1937, Prezidan Franklin D. Roosevelt t ap chèche ogmante kantite jij Tribinal Siprèm yo paske
- (1) kèk jij t ap plenyen poutèt yo pa t kapab rezoud gwo kantite ka yo
  - (2) kèk rejyon peyi a pa t reprezante nan Tribinal
  - (3) Tribinal la te bezwen plis reprezantasyon minoritè
  - (4) Tribinal la te deklare plizyè pwogram Nyoudil te enkonstitisyonèl

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34.



Sous: Dr. Seuss, *PM Magazine*, April 7, 1942

34 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, gouvènman federal la te gen pwoblèm ki endike nan komik sa a lè li

- (1) te mete rasyonman sou gazolin chofè ameriken yo t ap itilize
- (2) pa t kite militè yo itilize tank yo ankò
- (3) te ogmante enpòtasyon petwòl ki te sòti nan Lenn Oryantal Neyèlandè
- (4) te fikse estanda milyaj siperyè pou fabrikan vwati yo

35 Lwa sou Dwa Veteran yo te ede veteran Dezyèm Gè Mondyal yo lè li te


- (1) pwoteje yo pou yo pa rele yo nan sèvis militè ankò
- (2) garanti djòb gouvènman an pou yo
- (3) bay yo plizyè kalite èd ekonomik
- (4) bay yo egzansyon nan taks federal sou revni

36 Yon objektif Plan Machal (1947) se te pou

- (1) bay zam defans pou Grannbretay
- (2) rekonstwi ekonomi Ewòp-de-Lwès
- (3) finanse konstwiksyon rido fè
- (4) trennen kriminel lagè Nazi yo nan pwosè nan Nuremberg



Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 ak 38.



Sous: Herblock, *Washington Post*, June 17, 1949


37 Ki lide prensipal komik ane 1949 sa a?

- (1) Sitwayen fidèl yo pwoteje libète.
- (2) Teworis etranje yo menase nasyon an.
- (3) Laperèz kapab menase libète sivil yo.
- (4) Pwotestasyon dwa sivil yo enkyete piblik la.

38 Desinatè imoristik sa a ap kòmante sou

- (1) monte Nazis ak fachis nan Ewòp
- (2) Atak japonè sou Pearl Harbor
- (3) envazyon kominis nan Kore-di-Sid pou kòmansè Lagè Kore a
- (4) reyaksyon piblik ameriken an nan aktivite kominis ki sispèk yo

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 39.



Sous: Juan Williams, *Eyes on the Prize: America's Civil Rights Years, 1954-1965*, Viking Penguin

39 Sitiyasyon ki endike nan foto ane 1950 lan se yon rezilta dirèk

- (1) Lagrann Migrasyon
- (2) aplikasyon kloz granpè
- (3) adopsyon lwa Jim Crow
- (4) bòykòt otobis Montgomery

40 Yon fason gouvènman Etazini te reyaji nan lansman sovyetik *Sputnik* nan ane 1957 se te lè li

- (1) te mete anplas yon blokis naval Kiba
- (2) te ankouraje plis Ameriken achte obligasyon defans
- (3) te kòmansè Negosyasyon sou Limit Zam Estratejik (SALT)
- (4) te ogmante depans federal sou edikasyon nan matematik ak syans

- 41 • *Mapp* kont *Ohio*, 1961  
 • *Gideon* kont *Wainwright*, 1963  
 • *Miranda* kont *Arizona*, 1966

Desizyon sa yo Tribinal Siprèm te pran yo sanble nan sa chak desizyon

- (1) te ogmante dwa akize yo
- (2) te redui pouvwa prezidan an
- (3) te chanje plis pouvwa nan eta yo
- (4) te limite kontribisyon pou bay nan kampay yo



Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 42.

... N ap rete paske nan Azi ak tout kote nan lemond se peyi ki gen endepandans ki baze, sitou, sou konfyans nan pawòl Amerik ak nan pwoteksyon Amerik. Sede devan lafòs nan Vyetnam ta afebli konfyans sa a, sa ta nuizib pou endepandans anpil teritwa, epi sa ta fasilite dezi pou agresyon. Nou ta gen pou batay nan yon teritwa, epi ansuit nou ta gen pou batay nan yon lòt teritwa—oswa abandone anpil kote nan Azi pou dominasyon Kominis yo....

— President Lyndon B. Johnson,  
State of the Union Address, January 12, 1966

42 Ki lide ki pi byen dekri nan pasaj sa a?

- (1) apezman
- (2) izolasyonis
- (3) teyori domino
- (4) netralite

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 ak 44.



Sous: Scott Stantis, *Reason*, 1996 (adapte)

43 Ki pwoblèm ki se objektif prensipal komik sa a?

- (1) pouvwa politik limite granmoun aje yo
- (2) itilizasyon egzajere travay timoun
- (3) diminisyon bezwen pou Sekirite Sosyal
- (4) feblès sistèm Sekirite Sosyal k ap vin pi plis

44 Pwoblèm ki endike nan komik sa a pi asosye sitou avèk

- (1) ogmantasyon frè edikasyon siperyè
- (2) ogmantasyon lajan jenerasyon bebiboum
- (3) diminisyon kalite materyo konstwiksyon yo
- (4) diminisyon pri enèji

45 Ki evènman ki pi asosye avèk fen Gèfwad la?

- (1) vizit Prezidan Richard Nixon nan peyi Lachin
- (2) retrè twoup Etazini yo nan Vyetnam
- (3) demolisman Miray Bèlen
- (4) twoup Etazini voye nan Afganistan

46 Pandan prezidans Andrew Jackson nan ane 1830 yo ak mouvman Pwogresis la nan kòmansman ane 1900 yo, yo te ogmante demokrasi a lè yo

- (1) te pwolonje dwa sivil yo pou Amerendyen yo
- (2) te kreye limit manda pou ofisyèl ki te pase nan eleksyon yo
- (3) diminisyon kantite ofisyèl ki pase nan eleksyon pou fonksyon piblik
- (4) ogmantasyon patisipasyon sitwayen yo nan gouvènman an

47 Ki gran tit ki pi byen montre operasyon pouvwa ekilibre?

- (1) “Chanm Repezantan yo te akize Prezidan Andrew Johnson”
- (2) “Prezidan Dwight Eisenhower Voye Twoup nan Little Rock”
- (3) “Prezidan Ronald Reagan Angaje nan Negosyasyon sou Rediksyon Zam avèk Sovyetik yo”
- (4) “Bès nan To Apwobasyon Prezidan George W. Bush akòz Lagè Irak la”

48 Yon fason Lwa 1964 sou Dwa Sivil ak Lwa 1990 anfavè Ameriken Andikape yo sanble sèke yo te

- (1) bay plis pwoteksyon pou libète lapawòl pou elèv yo pandan yo te nan lekòl
- (2) te ogmante kantite elektè kalifye yo
- (3) te ede metrize diskriminasyon kont sèten gwoup
- (4) te ralanti konstwiksyon bilding piblik yo

Sèvi ak tablo ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 49 ak 50.

### Eleksyon pou Prezidan ane 1876

Kandida Repibliken		Kandida Demokrat	
Rutherford B. Hayes		Samuel Tilden	
<b>Vòt Elektoral:</b>	185	<b>Vòt Elektoral:</b>	184
<b>Kantite Eta ki te Anfavè Li:</b>	20	<b>Kantite Eta ki te Anfavè li:</b>	17
<b>Vòt Popilè:</b>	4,034,311	<b>Vòt Popilè:</b>	4,288,546

### Eleksyon pou Prezidan ane 2000

Kandida Repibliken		Kandida Demokrat	
George W. Bush		Al Gore	
<b>Vòt Elektoral:</b>	271	<b>Vòt Elektoral:</b>	266
<b>Kantite Eta ki te Anfavè li:</b>	30	<b>Kantite Eta ki te Anfavè li:</b>	20 + D.C.
<b>Vòt Popilè:</b>	50,456,062	<b>Vòt Popilè:</b>	50,996,582

Sous: National Archives

49 Eleksyon pou prezidan nan ane 1876 ak 2000 te gen dout paske moun ki te genyen nan toulède eleksyon yo

- (1) se te yon kandida endepandan
- (2) te gen mwens vòt popilè pase opozan li
- (3) te gen mwens vòt elektoral pase opozan li
- (4) te jwenn mwens eta anfavè li pase opozan li

50 Ki chanjman nan Konstitisyon an ki pi souvan sijere nan kritik rezilta eleksyon yo ki endike nan tablo sa yo?

- (1) egzije yon lòt vòt
- (2) elimine kolèj elektoral la
- (3) fè moun ki pèdi eleksyon an vin vis-prezidan
- (4) entèdi kandida endepandan yo nan eleksyon pou prezidan

## Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

### Pati II

#### KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki endike sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Jewografi — Acha Teritwa

Pandan tout istwa nasyon an, Etazini te agrandi avèk acha kèk nouvo teritwa. Acha sa yo te gen efè pozitif ak efè negatif sou Etazini.

#### Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** teritwa Etazini te achte epi yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz Etazini te achte teritwa a
- Diskite sou efè *pozitif ak/oswa* efè *negatif* teritwa sa a sou Etazini

Ou ka itilize nenpòt teritwa Etazini te achte depi 1776. Kèk nan sijesyon ou ta ka vle konsidere se vale Rivyè Ohio (1783), Teritwa Lwizyàn (1803), Florida (1819), Texas (1845), Teritwa Oregon (1846), California (1848), Alaska (1867), Hawaii (1898), ak Pòtoriko (1899).

#### Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

##### Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

**diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje lang nou itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik pou tan dokiman an te ekri a.

#### Kontèks Istorik:

Prezidan **Woodrow Wilson** ak **Franklin D. Roosevelt** te gen pwoblèm pou dirije Etazini pandan lagè yo. Pwoblèm sa yo te gen ladan kreyasyon politik etranje anvan Etazini te antre nan lagè a, konsèvasyon libète sivil yo pandan yo t ap pwoteje sekirite nasyonal pandan lagè a, epi planifikasyon yon wòl pou Etazini nan zafè lemond apre lagè a.

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

- Diskite sou resanblans **ak/oswa** diferans ant Woodrow Wilson ak Franklin D. Roosevelt an fonksyon
  - politik yo anvan yo te antre nan lagè a
  - aksyon ki afekte libète sivil yo pandan lagè a, epi
  - plan pou wòl Etazini nan zafè lemond apre lagè a

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1a

... Poutèt sa, mwen pran risk la, konpatriyòt kamarad mwen yo, pou pale yon pawòl serye pou avèti ou kont vyolasyon [sispansyon] sa a ki trè pwofon, pi delika, ak pi enpòtan pou netralite ki ka sòti nan mounpa, nan paspouki avèk pasyon. Etazini dwe gen yon pozisyon net nan reyalite ak nan non pandan jou sa yo ki se pou eseye nanm gason yo. Nou dwe san patipri nan panse ak nan aksyon, nou dwe mete yon limit sou santiman nou ak sou chak tranzaksyon nou ta ka konsidere kòm yon preferans pou yon pati nan batay la anvan yon lòt...

Sous: President Woodrow Wilson, Message to the United States Senate, August 19, 1914

1a Dapre Prezidan Woodrow Wilson, ki politik Etazini ta dwe swiv pou bay repons pou lagè ki te deklanche nan Ewòp nan ane 1914? [1]

Score

#### Dokiman 1b

##### Ekspòtasyon Etazini nan Nasyon ki t ap Fè lagè yo, 1914–1916

Nasyon	1914	1915	1916
Grannbretay	\$594,271,863	\$911,794,954	\$1,526,685,102
Lafrans	\$159,818,924	\$369,397,170	\$628,851,988
Itali*	\$74,235,012	\$184,819,688	\$269,246,105
Almay	\$344,794,276	\$28,863,354	\$288,899
*Itali te antre nan Alye yo nan ane 1915.			

Sous: Thomas A. Bailey et al., *The American Pageant*, Houghton Mifflin, 1998 (adapte)

1b Dapre tablo sa a, ki konklizyon ou kapab fè lè ou konpare valè ekspòtasyon Etazini nan Almay avèk valè ekspòtasyon Grannbretay ant ane 1914 ak 1916? [1]

Score

## Dokiman 2

Pasaj sa a diskite sou nofraj bato pasaje soumaren alman yo te lakòz nan ane 1915. Rekòmansman lagè soumaren Almay yo san restriksyon nan mwa janvyè 1917 te lakòz Prezidan Woodrow Wilson te chèche yon deklarasyon lagè.

... Etazini te vekse [poutèt nofraj *Lusitania*]. Epoutan yon ti kantite Ameriken te vle lagè a, epi, avèk peyi a ki te divize, [Prezidan Woodrow] Wilson te deside evite yon kriz avèk Almay. Prezidan an di konsa, “Ala yon bagay lè yon gason twò fyè pou batay”, sa ki te bay degoutans pou Theodore Roosevelt ak nasyonalis agresif [anfavè lagè]. “Ala yon bagay lè yon nasyon gen tout dwa li sa fè li pa bezwen konvenk lòt yo avèk lafòs pou fè yo konnen li kòrèk.” Men, Wilson te voye twa (3) nòt fò. Nan mwa jwen, Almay, ki te pè fè lagè avèk Etazini, te pase kòmandan soumaren yo lòd pou evite tout gwo bato kwazyè ki gen pasaje yo, ansanm ak bato lennmi, men nan mwa out, yon kòmandan bato U te vyole lòd yo epi li te koule yon Bato Kwazyè White Star Britanik, *Arabic*, ki te lakòz de (2) Ameriken pèdi lavi yo. Lè Wilson te voye yon menm pwotestasyon pi fò, Almay te bay asirans ensidan *Arabic* pa ta fèt ankò, epi okenn bato ki gen pasaje ki pa fè rezistans pa ta koule san avètisman oswa san prekosyon pou sekirite pasaje yo ak ekipaj yo....

Sous: William E. Leuchtenburg, *The Perils of Prosperity, 1914–1932*, University of Chicago Press, 1993

2a Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** repons Prezidan Woodrow Wilson pou aktivite soumaren alman yo? [1]

---

Score

b Dapre William E. Leuchtenburg, kisa ki te **yon** asirans Almay te bay pou Prezidan Woodrow Wilson? [1]

---

Score



### Dokiman 3

... Nan mwa jwen 1917, Kongrè te adopte Lwa konsènan Espyonaj la, epi Wilson te siyen li. Nan tit lwa a, yon moun ta sipoze se te yon zak kont espyonaj. Men, li te gen yon dispozisyon ki te prevwa sanksyon jiska ven (20) ane nan prizon pou “Lè Etazini nan lagè, kèlkeswa moun ki fè espere pou lakòz oswa pou eseye lakòz ensibòdinasyon, mank lwayote, mitinri, oswa refi sèvis nan fòs lame oswa fòs naval Etazini, oswa ki fè espere pou bloke rekritman oswa sèvis militè Etazini...” Sof si yon moun te gen yon teyori konsènan kalite gouvènman yo, pa t gen eklèsisman sou fason yo ta dwe itilize Lwa konsènan Espyonaj la. Li te menm gen yon dispozisyon ki di “pa gen anyen nan seksyon sa a yo dwe konsidere kòm limit oswa restriksyon...nenpòt diskisyon, kòmantè, oswa kritik aksyon oswa politik Gouvènman an...” Men langaj doub li te kache senterite objektif la. Yo te itilize Lwa konsènan Espyonaj pou anprizone Ameriken ki te pale oswa ekri kont lagè a....

Sous: Howard Zinn, *A People's History of the United States: 1492–Present*, HarperCollins, 2003

3 Dapre Howard Zinn, kijan Lwa konsènan Espyonaj te afekte libète sivil nan Etazini? [1]


---

---

Score

Dokiman 4

Pral Pale avèk Bòs la



Sous: *Chicago News*, 1919

4 Dapre desinatè imoristik la, sou ki pwoblèm Prezidan Woodrow Wilson ap pale avèk pèp ameriken an? [1]

---

---

Score

## Dokiman 5

... [Prezidan Franklin D.] Roosevelt te di anpil bagay sou menas pou lapè nan plizyè poudriyè [pwen cho] toupatou nan lemond nan diskou li sou Eta Inyon an nan mwa janvyè 1936. Li te di konsa, “Nou rive nan yon pwen, kote pèp Amerik yo dwe pran konesans [rekonèt] rankin k ap grandi, tandans ki trè vizib pou agresyon, ogmantasyon zam, bese tanperaman yo—yon sitiyasyon ki gen ladan anpil eleman ki lakòz trajedi yon lagè jeneral.” Li te ankouraje kontinyasyon “netralite ki gen konsèp doub”: yon anbago sou kagezon zam, minisyon, ak materyèl lagè, ki melanje avèk efò pou dekouraje belijeran yo achte gwo kantite lòt pwodui ameriken tankou petwòl ak feray ki te bay èd pou efò lagè yo. Epi li te redi [repete] konviksyon li pou fè konnen Etazini ta dwe sèvi kòm yon senbòl libète pou limanite “epi avèk egzanp ak tout ankourajman ak èd lejitim pou konvenk lòt Nasyon yo pou yo retounen sou wout lapè ak bon volontè.” Roosevelt, ki t ap pale nan Dallas nan mitan ane a, te montre senpati li pou Ewopeyen ki te anba menas lagè, men li te repete pwomès netralite li. Li te deklare, “Nou vle ede yo avèk tout sa nou kapab, men yo te konprann trè byen ... èd la pral èd moral sèlman, epi nou pa pral antòtye nou avèk latwoublay yo nan jou k ap vini yo.”...

Sous: Nathan Miller, *FDR, An Intimate History*, Doubleday & Company, 1983

5 Dapre Nathan Miller, kisa ki te **de (2)** fason Prezidan Franklin D. Roosevelt te di Etazini ta dwe reponn nan plizyè kalite menas nan lemond nan ane 1936? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 6

... Si Grannbretay vin febli, puisans Aks yo ap kontwole kontinan Ewòp, Azi, Afrik, Ostrali, ak lanmè ki lwen yo—epi y ap nan yon pozisyon pou pote gwo kantite resous militè ak naval kont emisfè a. Li pa egzajere pou di nou tout, nan tout Amerik yo, ta viv nan pwen yon zam—yon zam ki chaje avèk boulet eksplozif, ekonomik ak militè tou....

Pèp Ewòp la k ap defann tèt yo pa mande nou pou fè lagè yo. Yo mande nou materyèl lagè, avyon, tank, zam, avyon kago k ap pèmèt yo batay pou libète yo epitou pou sekirite yo. Avèk ensistans, nou dwe jwenn zam sa yo pou yo, nou dwe jwenn zam yo pou yo nan kantite ki ase epi rapid ase, yon fason pou nou ak pitit nou yo ap sove agoni ak soufrans lagè lòt yo te gen pou andire....

Nou dwe se gwo asenal demokrasi. Pou nou, sa a se yon ijans ki serye menm jan ak lagè a sèlman. Nou dwe aplike tèt nou nan travay nou avèk menm detèminasyon an, menm sans ijans lan, men lespri patriyotis ak sakrifis la jan nou ta montre nou te nan lagè....

Sous: President Franklin D. Roosevelt, Radio Address "On National Security," December 29, 1940

6 Dapre Prezidan Franklin D. Roosevelt, kisa ki ta dwe **yon** politik Etazini sou Grannbretay? [1]

---

---

Score

## Dokiman 7

... Nan mwa jiyè 1939, Sekretè [Eta Cordell] Hull te voye avi ki endike Etazini ta sispans trete komès li avèk Japon nan dat 26 janvyè 1940. Sispansyon trete sa a pa t mete yon pwèn final nan komès avèk Japon, men li te kite Japon nan ensètitud konsènan fiti pwosesis Amerik. Yon fason ki konsevab, si aksyon Japon te deplè oswa nui Ameriken yo ase, Etazini ta ka, apre sispansyon trete a, mande restriksyon oswa entèdiksyon ki pi sevè sou echanj komèsyal la. Apati mwa jiyè 1940, gouvènman an te fè tout ekspòtasyon konbistib avyasyon ak feray ak asye ki p ap wouye depannde lisans ak kontwòl federal. Nan mwa septanm 1940, apre twoup japonè yo te ale nan nò Endochin, Prezidan [Franklin D.] Roosevelt te anonse yon anbago sou ekspòtasyon feray ak asye nan Japon. Ofisyèlman, Administrasyon an te aji pou pwoteje rezèv materyèl enpòtan sa yo ki te nesèsè pou bezwen defans ameriken, men sa te sere boulon ekonomik sou Japon. Anmenmtan, Etazini te prete Lachin \$25 milyon dola epi li te ajoute yon lòt \$100 milyon dola nan mwa novanm. Nan ane 1940–1941 Etazini te baze flòt maritim li nan Pearl Harbor, Hawaïi, pou sèvi kòm yon mwayen pou dekouraje aksyon japonè yo nan Pasifik lwès la....

Sous: Wayne S. Cole, *An Interpretive History of American Foreign Relations*, The Dorsey Press, 1968

7 Dapre Wayne S. Cole, kisa ki te **de** (2) aksyon gouvènman Etazini te fè kont peyi Japon nan ant ane 1939 ak 1941? [2]


(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

Dokiman 8



Sous: National Parks Service; *Time*, May 18, 1942 (adapte)

8 Dapre enfòmasyon ki nan kat jewografik sa a, kisa ki te **yon** aksyon gouvènman federal te fè kont Japonè Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la? [1]

---



---

Score



## Dokiman 9

Prezidan Franklin D. Roosevelt te planifye pou patisipe nan konferans nan San Francisco kote yon yo ta ekri yon ak konstitisyon pou Nasyonzini. Li te mouri nan mwa avril 1945, yon ti tan anvan konferans lan te kòmanse.

... Roosevelt nan San Francisco te gen yon travay ki te pi senp pase Wilson nan Paris. Asanble sekre [reyinyon] nan California te pa t gen pou wè avèk fonksyon lapè men pou fè vèsyon pwovizwa ki te prepare nan Dumbarton Oaks an vin yon nouvo ak konstitif pou òganizasyon mondyal la. Kontrèman ak Alyans Lig [Nasyon yo], yo te pibliye plan Dumbarton Oaks davans, epi kritik yo te gen anpil tan pou analize tout detay yo. Kontrèman ak sekre a nan Paris, karannde (42) òganizasyon nasyonal ansanm ak Lig Nasyonal Elektè Fanm yo, te resevwa envitasyon pou voye konsiltan yo nan San Francisco.

Sa ki enpòtan nan tout bagay, nouvo Ak Konstitif Nasyonzini an te se pou kanpe sou pwòp pye li. Kontrèman ak Alyans Lig la, se pa t pou anchenmen [mare] nan boul ak chèn yon trete pinisyon [ki bay pinisyon] pou lapè....

Sous: Thomas A. Bailey, *A Diplomatic History of the American People*, Appleton-Century-Crofts, 1964

9 Dapre pasaj sa a, kisa ki te **yon** fason efò Prezidan Franklin D. Roosevelt t ap fè pou kreye Nasyonzini te evite pwoblèm Prezidan Woodrow Wilson te genyen lè li t ap eseye kreye Lig Nasyon yo?" [1]

---

---

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen senk (5)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Prezidan **Woodrow Wilson** ak **Franklin D. Roosevelt** te gen pwoblèm pou dirije Etazini pandan lagè yo. Pwoblèm sa yo te gen ladan kreyasyon politik etranje anvan Etazini te antre nan lagè a, konsèvasyon libète sivil yo pandan yo t ap pwoteje sekirite nasyonal pandan lagè a, epi planifikasyon yon wòl pou Etazini nan zafè lemond apè lagè a.

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

- Diskite sou resanblans *ak/oswa* diferans ant Woodrow Wilson ak Franklin D. Roosevelt an fonksyon
  - politik yo anvan yo te antre nan lagè a
  - aksyon ki afekte libète sivil yo pandan lagè a, epi
  - plan pou wòl Etazini nan zafè lemond apè lagè a

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen senk (5)* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan



